ku gàddu ngànaay jëme sunu kaw kooku bokkul ci nun

Jële na ñu ci Abuu Muusa Al-hasrii -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «ku gàddu ngànaay jëme sunu kaw kooku bokkul ci nun».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day moytondikuloo di gàddu ngànnaay ci kaw jullit ñi, ngir ragal loo leen, walla siif leen, ku def loolu ci lu dul yoon, kon toggoo na ag tooñ gu rëy, ak bàkkaar bu mag, te yayoo na tëkku gu tar gii.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/2997